

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.2 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan dina bab saméméhna, bisa dicindekeun sababaraha hal saperti ieu di handap.

Dina prosés pangajaran di sakola, siswa ngarasa yén média anu digunakeun ku guru nalika pangajaran ngaregepkeun dongéng téh ngabantu dina prosés ngawanohkeun jeung maham eusi dongéng. Tapi, éta média anu digunakeun téh kurang inovatif. Antukna, siswa ngarasa bosen nalika pangajaran ngaregepkeun dongéng. Pikeun ngungkulan éta bangbaluh, salah sahiji tarékahna anu bisa dilakukeun nyaéta ngaliwatan mekarkeun média pangajaran ngaregepkeun dongéng pikeun ngarojong pangajaran anu bisa numuwuhkeun motivasi diajar siswa. Média anu dibutuhkeun téh nyaéta média *berbasis podcast spotify* sangkan bisa nyaluyukeun jeung kamekaran jaman. Salian ti éta, ayana ieu média téh dipiharep siswa leuwih kairut deui kana pangajaran ngaregepkeun dongéng. Wangun médiana ogé disaluyukeun deui, salah sahijina nyaéta disaluyukeun jeung fasilitas anu aya di sakola sarta ieu média bisa diaksés kalawan gampang.

Dina prosés ngararancang média téh aya opat tahap, nyaéta konsép média (oriéntasi média, karaktéristik média), naskah dongéng, nyieun *storyboard*, jeung komponén désain anu eusina tahapan nyieun *podcast* dina aplikasi *spotify*. Dumasar kana analisis capaian pembelajaran dina kurikulum merdéka di SMP/sadarajat, ieu pangajaran dongéng di kelas VII téh miboga dua udagan anu kudu dihontal, nyaéta maca jeung ngaregepkeun. Ku kituna, dirarancang hiji média pangajaran ngaliwatan *podcast spotify*. Éta média pangajaran téh mangrupa média dina wangun *podcast (audio)* ngagunakeun aplikasi *spotify* anu bisa ngirut siswa dina diajar matéri dongéng. Pikeun nentukeun fitur anu bener atawa pidangan dina jero médiana, dijieun *storyboard* anu manrupa runtuyan galur system anu baris dijieun sacara gembleng.

Prosés nyieun ieu média *podcast spotify* pikeun ngaregepkeun dongeng téh dumasar kana rarancang anu geus dijieun saacanna. Ieu tahap téh mangrupa inti tina

métode R&D anu ngawengku dua tahap, nyaéta mekarkeun jeung nguji *validitas* média pangajaran. Média pangajaran anu dijieun jeung dimekarkeun dina ieu panalungtikan téh jerona teu jauh tina dongéng-dongéng anu geus lumrah diajarkeun di sakola, ieu média *podcast spotify* téh mangrupa média *audio* digital anu bisa diaksés ngaliwatan *platform online* salah sahijina nyaéta ngaliwatan aplikasi *spotify*, anu dijieun pikeun ngirut siswa atawa guru sangkan bisa ngamangpaatkeun ieu média dina prosés pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Uji *validasi* dilakukeun pikeun nga-*validasi* média *podcast spotify* bisa diuji coba atawa henteu di lapangan. Tina hasil uji validasi ku ahli matéri pangajaran basa Sunda, dicangking perséntaseuna nyaéta 89,5% sarta 96,3% hasil validasi ku ahli média pangajaran. Éta perséntaseu téh upama dikonvérsi kana kualifikasi tingkat kahontalna, mangka média *podcast spotify* kaasup kana kualifikasi layak pisan kalawan katerangan teu kudu dirévisi. Salian ti kitu, ieu média *podcast spotify* téh can kawilang sampurna sabab aya ogé sababaraha koméntar atawa kamandang ti validator ngeunaan kasalahan-kasalahan dina média *podcast spotify*. Ku kituna, sok sanajan dina kualifikasi kaasup kana teu kudu dirévisi, tapi ku panalungtik baris dirévisi anu kurangna.

5.3 Saran

Implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun widang pangajaran ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban deui élmu pangaweruh dina mekarkeun média pangajaran, hususna dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Média *podcast spotify* ogé, bisa dijadikeun média pangajaran anu bisa digunakeun ku siswa boh di sakola atawa di luar sakola. Tuluy, pikeun guru bisa dijadikeun média pangajaran dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa. Pikeun mahasiswa bisa dijadikeun bahan titincakan dina ngalaksanakeun panalungtikan anu aya patalina jeung média pangajaran.

Aya sababaraha rékoméndasi pikeun panalungtik anu séjén dina mekarkeun média *podcast spotify*. Modél ADDIE dina ieu panalungtikan teu dilakukeun sagemblengna ku panalungtik, tapi ngan nepi ka tahap ADD (*Analysis, design, jeung development*). Ku kituna, tahap saterusna nyaéta *implementation* (kagiatan

maké atawa uji coba produk di lapangan) jeung *evaluation* (kagiatan ngajén kasaluyuan sakabéh tahap) bisa dilakukeun minangka lajuning laku tina ieu panalungtikan. Saupama, sakabéh tahap geus dilakonan kalawan bener, mangka ieu média téh bisa digunakeun sacara umum ogé bisa dimangpaatkeun salaku média pangajaran pikeun ngaregepkeun dongéng anu geus ka uji *validitas*-na jeung kualitasna dumasar uji coba di lapangan.